

### **BAB III** **METODE PANALUNGTIKAN**

Hiji karya tulis tangtuna ngagunakeun métode jeung teknik pikeun mesék masalah nu dijadikeun bahan panalungtikan. Arikunto (2010, kc. 203) nétélakeun yén metode panalungtikan mangrupa hiji cara anu runtut nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Métode panalungtikan anu baris digunakeun nyaéta kualitatif, kalawan objék anu digunakeun nyaéta karya sastra. Saluyu jeung pamadegan Damayanti (2015, kc. 74) anu nétélakeun yén métode kualitatif mangrupa hal anu penting pikeun maham hiji kajadian sosial jeung perspektif individu anu ditalungtik pikeun maham kana gambaran, sarta bisa ngajenterekeun fenomena - fenomena anu aya di sabudeureun.

Pamatangan séjénnna ti Sugiono (2016, kc. 22) nu nétélakeun yén pamarekan kualitatif bisa disebut panalungtikan naturalistik, sabab dilaksanakeun dina kaayaan nu alamih (*natural setting*), Pamarekan kualitatif disebut ogé panalungtikan etnografi, sabab loba dipake dina panalungtikan antropologi budaya.

Prosedur anu dilakonan tina métode déskriptif anu ngawengku (1) analisis, (2) interpréstasi, (3) évaluasi tilu tahap éta dilakonkeun sacara sistématis pikeun némbongkeun unsur –unsur struktur pangwangun naskah drama jeung naon nu jadi dasar masalah kahirupan sarta kritik – kritik sosial nu nembrak dina dialog – dialog tokoh dina jero naskah drama. Ku kituna ieu panalungtikan ngagunakeun metode deskriptif analisis. Ratna, (2013, kc. 53) nétélakeun yén metode deskriptif analisis téh metode anu ngadeskripsiun fakta – fakta anu satulunya dianalisis. Cindekna metode ieu digunakeun pikeun ngagambarkeun, maham jeung ngajéntrékeun sacara faktual anu dituluykeun pikeun kana tahap analisis.

Obyék panalungtikan skripsi ieu mangrupa naskah drama “Ringkang Peuting” ngaliwatan ulikan struktural jeung sosiologi sastra, pikeun nganalisis aspek - aspek sosial nu aya dina jero naskah drama anu jadi dasar masalah sarta kritik sosial nu nembrak.


#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan nyaéta hiji rarancang pikeun ngumpulkeun jeung nganalisis data panalungtikan, sedengkeun desain panalungtikan miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah - léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan.  
**Muhamad Munif, 2021**

**NASKAH DRAMA “RINGKANG PEUTING” SADURAN ROSIYD É. ABBY**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 123) desain panalungtikan mangrupa hiji rarancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun hiji masalah dina panalungtikan.



**Bagan 3.1**  
**Desain Panalungtikan**

### **3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan**

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172) sumber data mangrupa subjek anu dijadikeun bahan anu aya dina jero panalungtikan. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama “Ringkang Peuting” dina jero naskah drama nu eusina ngajéntrékeun kondisi kaayaan kahirupan sosial nu aya di masarakat.

#### **3.2.1 Idéntitas Naskah Drama Ringkang Peuting**



**Gambar 3.1**

Naskah drama “Ringkang Peuting” mangrupa naskah drama saduran tina naskah drama indonesia anu judulna *Selamat Jalan Anak Kufur* karya Utuy T. Sontani salahiji pangarang indonesia. disadur ku Rosiyd É. Abby tina bahasa Indonesia kana bahasa Sunda, ditulis di Banceuy – Sukamukti, 2015 – 2017 ieu naskah drama ogé geus dipentaskeun ku sababaraha grup Téater jeung geus di pentaskeun dina Festival Drama Basa Sunda dina taun 2018.

Ieu naskah mimiti dipikawanoh dina sastra indonesia judulna *Selamat Jalan Anak Kufur* karya Utuy Tatang Sontani sarta disadur kana basa sunda ku Rosiyd É. Abby jadi naskah drama “Ringkang Peuting” mimiti dipikawanoh ku masarakat ti saprak jadi salahiji naskah nu dipasangirikeun dina Festival Drama Basa Sunda (FDBS) nu diayakeun ku téater sunda kiwari di Gedung rumentang siang dina taun 2018 dina FDBS naskah drama ieu aya dipilih jeung di apresiasi ku sababaraha grup téater.

“Ringkang Peuting” mangrupa naskah drama nu kawangun ku hiji babak kandelna 27 kaca nu dicéta k dina kertas HVS ukuran A4, tokoh - tokoh nu aya

dina jero naskah drama “Ringkang Peuting” nyaritakeun kumaha potret kahirupan anu aya di masarakat.

### **3.2.2 Idéntitas Pangarang**



**Gambar 3.2**

Rosiyd É. Abby lahir di Bandung, 19 September 1965 nyuprih élmu di Jurusan jurnalistik di Akademi Komunikasi Masa (AKM) ti taun 1985 – 1988 mangrupa sutradara jeung pangarang naskah drama, salianti nulis naskah drama ogé nulis naskah skénario televisi, cerpen, puisi, éséy, artikel, naskah drama sandiwara radio, dina Bahasa Indonesia jeung Basa Sunda. Sok nerjemahkeun, ngadaptasi, nyadur naskah drama Indonesia jeung dunia kana basa sunda diantarana karangan William Shakespeare, Anton Chekhov, Putu Wijaya, Motinggo Boesje, N. Riantirno, Molliere, Yudhistira ANM Massardhie, Utuy Tatang Sontani. Kagiatan séjénna maca puisi, jadi juri jeung pawicara dina kagiatan – kagiatan seni budaya dina unggal kagiatan. Sarta jadi narasumber di stasiun televisi lokal.

Rosiyd É. Abby teu miboga darah seni ti keluargana tapi resep pisan kana karya sastra. Mimiti nulis ti SMP ngliwatan puisi jeung cerpen anu di pajang di mading sakola. Loba pisan anu resep kana karyana ku kituna manehna nyobaan nerbitkeun karyana di surat kabar jeung koran, salian nulis Rosiyd É. Abby ogé aktif di téater ti kelas 2 SMP manehna asup kana Téater Ge-Er nu ayeuna jadi Téater Bel, di gelanggang Remaja anu ayeuna jadi Gelanggang Generasi Muda (GGM) Bandung asuhan Yesmil Anwar jeung Eri Anwar kagiatan jurnalistikna di mimitian ti jaman SMA nu mangrupa puisi, cerpen, wawancara, liputan musik atawa Téater nu dimuat dina majalah mingguan Sentana jeung harian Pelita asup

kuliah ka Akademi Komunikasi Massa Bandung nulis dina ungal media di Jakarta jeung Bandung.

Jadi wartawan surat kabar mingguan di Galura, Pikiran Rakyat sarta dipercaya jadi direktur pelaksana sarta ngajar jadi Dosen di Fakultas Ilmu Seni jeung Sastra di Universitas Pasundan, dina Prodi sastra Inggris.

### **3.3. Téhnik Panalungtikan**

#### **3.3.1 Téknik Ngumpulkeun Data**

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa salahiji léngkah anu penting dina panalungtikan. Sugiono (2016, kc. 291) nétélakeun studi pustaka mangrupa hal anu penting dina jero panalungtikan, ku sabab dina jero panalungtikan moal leupas tina karya tulis ilmiah. Studi pustaka mangrupa teknik pikeun nyangking data atawa informasi tina buku, jurnal, éséy, sarta dokumen- dokumen anu informasina beunang di percaya pikeun maluruh informasi dina naskah drama “Ringkang Peuting”

Wawancara dilaksanakeun pikeun meunangkeun informasi ti individu nyaéta pangarang sangakan nyaho kana kasang tukang dina nulis éta karya nurutkeun Damaianti, (2015, kc. 94) nétélakeun yén wawancara bisa dilaksanakeun dua fungsi. Wawancara salaku strategi kahiji dina ngumpulkeun data, lengkah anu digunakeun dina ngumpulkeun data nyaéta.

- 1) Nangtukeun sumber data nu digunakeun dina panalungtikan.
- 2) Maca buku ngeunaan drama jeung sosiologi sastra.
- 3) Nganalisis naskah drama “Ringkang Peuting” tina struktur jeung aspék sosial.

#### **3.3.2 Teknik Ngolah Data**

Teknik ngolah data mangrupa hiji peroses dina neangan sarta nyusun sisTématis data anu dibeunangkeun tina hasil wawancara, catéta n di lapangan, jeung bahan – bahan séjén nu bisa ngagampangkeun dina peroses panalungtikan sangkan leuwih gamapang di informasikeun saluyu jeung pamadegan Arikunto, (2010, kc. 278) yén sacara umum ngolah data diwengku ku tilu hal, nyaéta tatahar, tabulasi, jeung ngamangpaatkeun data.

### 3.4 Instrumen Panalungtikan

Instumen panalungtikan nyaéta hiji alat anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sarta digunakeun, ngukur hiji fenomena alam atawa sosial sacara *sfesifik* disebut variabel panalungtikan. Instrumen panalungtikan digunakeun pikeun ngagampangkeun dina peroses ngumpulkeun data. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203) instrumen anu digunakeun dina jero panalungtikan salaku unsur utama dibantu ngangunakeun alat pikeun ngumpulkeun data instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pedoman wawancara.

#### 3.4.1 Instrumén Wawancara

##### Instrumén Wawancara Pangarang

Wasta :

Tempat, ping gumelar :

Riwayat Atikan :

Pakasaban :

No	Patalékan	Jawaban
<b>Konteks:</b>		
1.	Ti iraha mimiti resep nulis sarta karangan nu mimiti ditulis?	
2.	Nulis ngabutuhkeun waktu, cara ngatur pikeun nulis jeung nyanghareupan hirup sapopoe?	
3.	Aya sabaraha karangan sarta saduran nu geus di jieun?	
4.	Karangan nu dipikaresep tina sakabéh karya nu geus di jieun?	
5.	Kumaha proses kreatif dina ngarang naskah drama ?	
6.	Kriteria naskah drama nu arek disadur atawa dikarang?	
7.	Dina prosés nyadur naskah drama mung alih bahasa atanapi nyaruakeun jeung budaya masarakat sunda?	
8.	Naha milih naskah drama karya Utuy Tatang Sontani nu jadi bahan saduran, Anton Chekov, Putu Wijaya, N. Riantiarno?	

No	Patalékan	Jawaban
9.	Naon nu dipiharep tina naskah drama “Ringkang Peuting” pikeun masarakat?	
10.	Nu ngailhaman dina nyadur naskah drama “Ringkang Peuting”	
11.	Hal naon anu ditepikeun dina naskah drama “Ringkang Peuting”	
12.	Hal naon nu jadi pamiangan pikeun nulis karya nu eyeub kritik jeung lokalitas sosial	
13.	Sawangan kana kahirupan sastra sunda kiwari	

### **Instrumén Wawancara Pamaca**

Wasta : .....

Kalungguhan : .....

Grup Téater : .....

<b>Patalékan</b>	<b>Jawaban</b>
<b>Konteks:</b>	
1. Naon nu jadi téma naskah drama “Ringkang Peuting”?	.....
2. Hal naon nu ditepikeun dina naskah drama “Ringkang Peuting”?	.....
3. Gambaran masarakat nu aya dina jero naskah drama “Ringkang Peuting”	.....
4. Naha sadérék resep kana éta naskah drama nu bieu dibaca?	.....
5. Gambaran masarakat nu aya sarta ngawakilan dina jero naskah drama “Ringkang Peuting”	.....
6. Naha merenah dialog dina naskah drama “Ringkang Peuting” pikeun barudak sakola?	.....
7. Naha saluyu henteu mun naskah drama “Ringkang Peuting” di jadikeun bahan pagelaran atawa pangajaran.	.....

....., ..... , 2021  
Pamac Karya

**Tabél 3.1**  
**Analisis Galur**

Alur	Judul
1) Situation	
2) Generating Circumstances	
3) Rising Action	
4) Climax	
5) Denouement	

**Tabél 3.2**  
**Papasingan Palaku**

Ngaran Palaku	Peran Penting Palaku		Fungsi Tampilan Palaku	
	Utama	Tambahian	Protagonis	Antagonis

**Tabél 3.3**  
**Gaya Basa**

No	Kode	Réferent	Tipe	Interprétasi
1.				

Contona : RP/ 24 /I

Keterangan :

RP : Judul Naskah

24 : Kaca

1 : Adegan

**Tabél 3.4**  
**Analisis Karakter**

No	Analisis Tokoh	Ngaran Tokoh

Contona : RP/ 24 /I

Keterangan :

RP : Judul Naskah

24 : Kaca

1 : Adegan